# giñ naa ci Yàlla ne du gëm, giñ naa ci Yàlla ne du gëm, giñ naa ci Yàlla ne du gëm", ñu ne ko: kan yaw Yonente Yàlla bi? Mu ne: "ki dëkkandoom muccug ci ay loram

Jële nañu ci Abuu Surayhin -yal na ko Yàlla dollee gërëm- mu jële ci Yonente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- mu wax ne: "giñ naa ci Yàlla ne du gëm, giñ naa ci Yàlla ne du gëm, giñ naa ci Yàlla ne du gëm", ñu ne ko: kan yaw Yonente Yàlla bi? Mu ne: "ki dëkkandoom muccug ci ay loram".
[Wér na] [Al-buxaariy soloo na ko]

Yonente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc dafa giñ feddali giñam li ñatti yoon, daal di ne: giñ naa ci Yàlla ne du gëm, giñ naa ci Yàlla ne du gëm, giñ naa ci Yàlla ne du gëm, Sahaaba yi laaj ko: kan mooy ki dul gëm yaw Yonente Yàlla bi? Mu wax ne: mooy ki dëkkandoom ragal woram ak tooñam ak ayam.



النجاة الخيرية
ALNAJAT CHARITY
لجنة الدعوة الإلكترونية
EDC E-Da'wah Committee